



Merdeka
Belajar

LKPD

BAHASA JAWA KELAS 2

WULANGAN 4

AKU LAN SEKOLAHANKU



JENENG :

KELAS :

TUJUAN PEMBELAJARAN



Setelah pembelajaran siswa diharapkan dapat :

- Menjelaskan arti kata sulit
- Menyebutkan unsur-unsur cerita narasi
- Mengidentifikasi pokok-pokok cerita
- Menjelaskan isi pokok cerita narasi sederhana

TEKS CRITA

Wacanen crita ing ngisor lan wangsulane pitakone !



SEKOLAHANKU

Aku Bima. Aku sekolah ing SD Negeri Sukamaju. Sekolahku manggon ing cedhak lapangan. ing sakiwa tengene sekolahku akeh tanduran seng ijo roro-royo. Sekolahku asri. Aku seneng sekolah ing SD Sukamaju. Lingkungane nyenengake banget. Ing SD Negeri Sukamaju ana kantine. Murid-murid yen tuku jajan cukup ing kantin sekolah. Jajan sing didol resik lan sehat. Jinise akeh. Ing Kantin uga nyediyakake banyu ngombe.

Latare sekolahku jembar. Papan kanggo dolanan para siswa ing wayah ngaso. Uga kanggo upacara ing saben dina senen lan pengetan Hari Besar Nasional.

SD Sukamaju Duwe taman Sekolah. Tanduranne Werna werna. Kejaba kembang uga ana tanduran tago (tanaman Obat keluarga). Tanduranne subur lan kanton seger. Kabeh warga sekolah duwe tanggung jawab ngrumat tanduran. Mula SD Sukamaju oleh penghargaan minangka sekolah Adiwiyata. Aku seneng sekolah ing SD Sukamaju.

Kawruh Sapala

- *Ijo royo-royo = Ijo Banget*
- *Asri = Endah, apik*
- *Kantin = Warung sekolah*
- *Jembar = amba*
- *Sekolah Adiwiyata = sekolah sing duwe wawasan lingkungan*
- *Wayah = Wektu*
- *Ngaso = Istirahat*
- *Toga = Tanduran obat keluarga*
- *Ngrumat = ngopeni*

Gladhen 1

Mangsuli Pitakonan isiane Wacana

Wangsulan Pitakon - pitakon iki !

1. Bima sekolah ing ngendi ?
2. Sekolahane Bima cedhak apa ?
3. Sekolahane Bima katon piye?
4. Ing SD Sukamaju ana apane ?
5. SD Sukamaju oleh penghargaan apa ?

Gladhen 2

Ngganepi Ukara

Ukara iki genepane kanthi milih tembung seng cocog sing wis sumadiya ing ngisor!

1. Bima sekolah SD Sukamaju.
2. SD Sukamaju Cedhak
3. Sekolahanku katon
4. Murid - murid njajan ing
sekolahan
5. Lataran sekolahku katon
6. Yen ngaso murid - murid dolanan ing
latar.
7. Kabeh sekolah.
8. SD Sukamaju oleh penghargaan.....
9. Latare Sekolahku
10. Bima sekolah ing SD Sukamaju.

WANGSULAN:

- | | | |
|-------------|------------|------------|
| • Seneng | • Tanggung | • Ing |
| • Warga | jawab | • manggon |
| • Pendhuduk | • lapangan | • minangka |
| • Asri | • yen | • jembar |

PACELATHON

Semaken pacelathon ing ngisor iki !

Pacelathon antarane Pak Kardi guru kelas loro SD Sukamaju lan murid-murid. Basa sing dianggo warna loro. Pak Kardi ngagem basa ngoko, murid-murid nganggo basa krama. wacanen sing cetha !

SETU RESIK

- Pak kardi : Bocah-bocah sesuk dina apa?
Toni : Dinten Setu pak.
Pak Kardi : Saben dina Setu ana kegiatan apa ing sekolahan ?
Murid-murid : Kerja Bakti pak.....
Bima : Mbenjing kerja bakti malih nggih, pak?
Pak Kardi : Iya ta Bim, sekolahan kene wis duwe program sing jenenge Setu Resik
Tuti : Mbeta piranti menapa kula, pak?
Pak Kardi : Kaya padatan ta cah, bocah wadon nggawa sulak utawa sapu. Bocah lanang bisa nggawa cethok, sapu, lan sulak.



Kawruh Sapala

- *Dinten* = *dina*
- *mbenjing* = *sesuk*
- *malih* = *maneh*
- *mbeta* = *nggawa*
- *kula* = *aku*
- *padatan* = *biasane*
- *piranti* = *alat*



Gladhen 3

Njentrehake isine wacana pacelathon

Wangsulana pitakon-
pitakon ngisor iki!

1. Sapa paraga teks ing dhuwur ?
2. Saben dina Setu ing sekolahan ana kegiatan apa?
3. Ing sekolahan Bima ana program apa?
4. Murid-murid lanang nggawa piranti apa?
5. Murid-murid wadon nggawa piranti apa?



Gladhen 4

Ngetrapake unggah -ungguh



Apa kramane ?

1. akeh =
2. njaluk =
3. toko =
4. mlaku =
5. banyu =

Gladhen 5 MEWARNAI GAMBAR

Warnanana gambar ing ngisor iki!

